



# Tiliv Kowòdinasyon Swen yo

Tiliv sa a adapte apatide dokiman Heidi Behforouz, M.D. ansanm ak estaf pwojè Prevansyon ak Aksè nan Swen ak Tretman nan Boston (PACT, Prevention and Access to Care and Treatment) an te prepare. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk pral distribye tiliv sa a bay pasyan ki enskri nan pwogram Kowòdinasyon Swen Depatman Sante a.

Nou ta renmen remèsye espesyalman pwojè PACT la poutèt li te distribye enfòmasyon sa a e li te pèmèt pou yo repwodui li.

Dr. Behforouz se Direktris Egzekitif PACT, yon pwojè kominotè pou katye defavorize nan sant Boston, e misyon li se amelyore pèspektiv sante pou moun ki pa gen bon aksè nan swen sante e ki enfekte ak VIH/SIDA. PACT se yon pwojè Brigham and Women's Hospital ak Partners in Health, ki se yon òganizasyon swen sante ki pa pou fè pwofi ki devwe pou ofri opsyon preferansyèl pou moun ki pa gen mwayen.

Pwogram Kowòdinasyon Swen Vil Nouyòk la okipe pwoblèm VIH/SIDA a grasa entegrasyon navigasyon swen, sèvis sosyal ak kowòdonasyon benefis, edikasyon ak pwomosyon lasante ak adezyon nan tretman an.

## Entwodiksyon

Entwodiksyon	3
Kisa VIH ye ?	4
Kisa Sistèm iminitè ye ?	5
Kisa Selil CD4 ye ?	6
Kisa Chaj viral la ye ?	7
Kisa SIDA ye ?	8
Kijan VIH tounen SIDA ?	9
Kisa Adezyon ye ?	10
Kisa Rediksyon Domaj siyifye ?	11
Kisa Notifikasyon Patnè a ye ?	11

## Zouti yo

<b>Bwat medikaman</b>	Lis medikaman	14
	Kijan pou w li etikèt boutèy medikaman	15
	Ranpli bwat pou grenn medikaman	16
<b>Medikaman ART ou an</b>	Enfòmasyon konsènan famasi yo	17
	Renouvle preskripsyon medikaman	18
	Renouvèlman preskripsyon : Obstak ak Solisyon yo	19
<b>Kisa Adezyon vle di ?</b>	Gid pou woutin chak jou	21
	Gid pou pran grenn yo	22
	24è nan lavi yon grenn	23
<b>Jere Efè segondè yo</b>	Kijan pou jere efè segondè yo	24
	Gid osijè efè segondè yo	25
	Plan daksyon pou jesyon sentòm yo	27
<b>Kijan VIH afekte kò mwen ?</b>	Kijan VIH pwopaje ?	28
	Ou pa kapab enfekte ak VIH konsa :	29
	Sit Enfeksyon posib yo	30
	Dekont CD4 ak chaj viral ou an	31
	Jounal pou make CD4 ak Chaj viral mwen an	32

<b>Identifye e konstwi</b>	Rezo sipò mwen an	34
<b>Rezo Sosyal pou sipò Networks</b>	Pale ak lòt moun	37
	Enfòmasyon pou kontakte moun	39
	Kat nan pòtfèy	41
<b>Avantaj ak Difikilte Adezyon</b>	Pwoblèm konsènan adezyon	43
	Avantaj ak Difikilte Adezyon an	44
<b>Randevou medikal</b>	Zouti pou sonje randevou antretyen lasante	45
	Pare pou randevou w lan	47
	Aprè vizit ou an	49
<b>Rediksyon domaj Konpòtman seksyèl</b>	Rediksyon domaj sou kò a	51
	Men pouki sa ?	52
<b>Rediksyon domaj Konsomasyon dwòg ak alkòl</b>	Evalyasyon risk la	53
	Tablo sibstans	54
<b>Rediksyon domaj : Prekosyon nan relasyon w yo :</b>	Wou pisans ak kontwòl	56
	Òganigram estrateji sou sekirite	57
<b>Viv ansante :</b>	Rejim toulejou w lan	58
<b>Rejim ak egzèsis :</b>	Notifikasyon patnè w lan	59
	Resous alimantè	61
	Lòt resous	63
	Plat manje	65

## Glosè

Definisyon yo	67
---------------	----

## Resous yo

Nimewo telefòn ak fòm ki enpòtan	70
----------------------------------	----

## Plan pou sekirite

Plan daksyon	82
--------------	----

# Entwodiksyon

Antan yon patisipan nan Pwogram Kowòdinasyon Swen an, w ap fè yon pa annavan pou amelyore sante w. Ansanm ak Navigatè Pasyan an, w ap analize pwogram edikatif pou ede w reprann kontwòl sou lavi w e pou w viv ansante.

Objektif tiliv sa a se pou ba w plis enfòmasyon sou VIH ak sou medikaman ou yo. Epitou n ap diskite sou zafè pèsònèl ou yo, tankou relasyon w ak sèten konpòtman ki riske. Ansanm, nou pral reflechi sou divès defi ou genyen nan lavi w ak rezo sipò w.

Objektif prensipal Pwogram Kowòdinasyon Swen an se pou ede w kontinye pran medikaman ou yo kòm sadwa, sa ki vle di w ap aprann fason pou pran medikaman ou yo chak jou, jan doktwè w te preskri w lan. Nou konnen li pa toujou fasil pou fè, e gen anpil bagay ki kapab kreye yon anpèchman. Nou pral ede w idantifye obstak yo e n ap ede w pandan w ap jwenn yon fason pou rezoud yo. Ou kapab viv yon vi ki sen e ki pwodiktif menmsi ou enfekte ak VIH.

# Kisa HIV ye ?




VIH se yon **virus** ki gendwa fè w malad.

Viris se ti patikil piti e enfekte ki kapab antre nan selil ki andedan kò w. Yo gendwa chanje fason selil yo fonksyone e yo gendwa menm detwi yo.

Lagrip flou, varisèl ak epatit se viris tout moun konnen. Sèten nan yo gendwa afebli sistèm iminitè w. VIH se youn nan viris sa yo.


**Sistèm iminitè w** pwoteje kò w paske li konbat enfeksyon yo. Sistèm iminitè w fèt ak anpil divès selil ki travay ansanm pou pwoteje kò w kont maladi, ikonpri kont enfeksyon ak kont sèten kansè.

Anpil moun konn rele VIH tou viris **SIDA**, oswa kòm viris ki lakòz SIDA.




# Kisa Sistèm iminitè w ye ?

**Sistèm iminitè w** pwoteje kò w paske li konbat enfeksyon yo. Li konpoze ak anpil divès selil ki travay ansanm pou konbat òganism ki kapab koze ditò tankou bakteri, viris, parazit ak lòt bagay ki gendwa fè w malad



**Sistèm iminitè ki fò**  
(li konbat enfeksyon)




**Sistèm iminitè ki fèb**  
(pa kapab konbat enfeksyon)


## Kisa Selil CD<sub>4</sub> ye ?

**Selil CD<sub>4</sub>**, yo konn rele tou selil T, se yon pati enpòtan nan sistèm iminitè w lan. Selil CD<sub>4</sub> konbat enfeksyon e yo anpeche w malad.

Plis ou gen selil CD<sub>4</sub> nan kò w, se plis ou ansante. VIH atake e detwi selil CD<sub>4</sub> yo. Lè w pran medikaman VIH ou yo, sa anpeche VIH la detwi selil CD<sub>4</sub> ou yo.



**CD<sub>4</sub> oswa Selil T**



**VIH**

**Yon adilt ki ansante gen ant 500–1600 selil CD<sub>4</sub>.**



Doktè w teste nivo selil CD<sub>4</sub> ou an pou suiv si w ansante e pou wè si medikaman ou yo efikas. Doktè yo rekòmande alèkile pou pasyan yo kòmanse pran ART san pèdi tan, san yo pa konsidere kantite CD<sub>4</sub> ou genyen nan kò w. Objektif la se pou pwoteje ase selil CD<sub>4</sub> pou sistèm iminitè w rete sen.



# Kisa Chaj viral la ye ?

Yo kapab mezire kantite **VIH** ki nan san ou. Sa rele **chaj viral la**. Rezon kifè ou ta dwe pran medikaman ou yo toulejou, se pou chaj viral la endetektab. Sa vle di pou kantite viris ki nan san ou sitèlman ba, yo pa kapab detekte li. Viris lan la a toujou, men l ap fè mwens domaj andedan kò w.

## Chaj viral ki elve




**Chaj virab fèb = pi bon**

# Sa SIDA ye ?



**SENDWÒM** se yon gwoup pwoblèm sante ki konstitye yon maladi.



**IMINO** vle di sistèm iminitè w lan – kapasite kò w pou li pwoteje w pou w pa pran maladi.



**DEFISITÈ** vle di yon feblès nan sistèm kò w pou konbat maladi.




**AKI** sa vle di ou vin genyen maladi an e ou pa t fèt avèk li.

# Kijan VIH tounen SIDA ?

Ou pa vreman “pran” maladi SIDA. Alaplas, yon moun ki enfekte ak VIH gendwa vin genyen SIDA.

SIDA se yon mo yo itilize pou dekri lè selil CD4 yon moun trè ba e sistèm iminitè li pa kapab pwoteje kò li kont enfeksyon yo. Ou gen SIDA si VIH detwi twòp nan selil CD4 ou yo e kantite CD4 yo bese pou yo mwens pase 200, oubyen si w vin genyen yon enfeksyon opòtinis (yon enfeksyon poutèt yon bagay ki nòmalman pa koze enfeksyon, eksepte lè sistèm iminitè kò a domaje e li pa kapab konbat enfeksyon).

Si w pran medikaman ou yo, sa gendwa anpeche ou vin genyen SIDA poutèt li kenbe **kantite CD4 yo wo** ak **chaj viral la ba**.



# Kisa adezyon ye ?

**Adezyon se yon mo** ki vle di kontinye san defayans ap fè yon bagay. Adezyon trè enpòtan lè w ap pran medikaman VIH ou yo. Li enpòtan pou pran yo san reta chak jou, jan yo preskri lan, pou w kapab rete ansante.







**ART:** ART vle di terapi anti-retwoviral, e se menm bagay ak medikaman VIH.

Si w pran medikaman VIH yo alè ak jan ou sipoze pran yo, sa va ede w konbat VIH la. Medikaman ou yo kontwole chaj viral la (ou vle pou li rete ba) ak kantite CD4 ou an (ou vle ki rete wo).

Pran medikaman ou yo a menm lè chak jou.



## Adezyon se

-  Lè w pran kantite grenn ki kòrèk la pandan tout peryòd ki nesèsè a
-  Lè w pran kantite grenn ki kòrèk la chak jou (pa egzanp, pou medikaman an ki rele Kaletra, yon moun sipoze pran anjeneral kat [4] grenn pa jou, swa an yon sèl fwa oswa de [2] grenn lematen ak de [2] grenn leswa)
-  Lè w pran medikaman yo a menm lè chak jou
-  Tann menm tan anvan pou reprann medikaman yo
-  Ou pran medikaman yo selon direktiv alimantè yo
-  Suiv enstriksyon yo sou fason pou melanje medikaman yo ansanm ak lòt sibstans

## Pouki sa adezyon enpòtan ?

Se pou w pran tout medikaman ART ou yo pou viris la pa repwodi e anpeche li domaje selil CD4 ou yo, e asire w li pa vin rezistan pou medikaman an pa gen efè ankò.



## Sa rediksyon domaj ye ?

Rediksyon domaj se kèlkeswa konpòtman oswa estrateji ki ede redui risk oswa domaj pou oumenm oswa pou lòt moun. Pa egzanp, pou redui risk pou w enfekte oswa pou w pwopaje VIH la, ou gendwa pran prekasyon lè w ap fè sèks oswa lè w ap pran dwòg.

Yon lòt egzanp rediksyon domaj pou VIH se pou redui oswa pou sispann itilize dwòg pou li pa entèfere ak pran medikaman ou yo.

Yon bagay ou kapab fè pou pwoteje tèt ou se aprann kijan konpòtman ou afekte adezyon ou an.

Ou kapab pwoteje lòt moun tou pou yo pa enfekte ak VIH si w pran prekasyon lè w ap fè sèks e lè w ap pran dwòg.
























## Kisa Notifikasyon Patnè a ye ?

Notifikasyon Patnè reyisi stope pwopagasyon VIH paske yo enfòm moun ki ekspozè ak viris la pou yo kapab fè tès. Pifò moun ki enfekte ak VIH/SIDA vle chanje konpòtman yo ki kreye yon risk pou lòt moun apre yo vin konnen yo enfekte. Lwa Sante Piblik lane 2000 Eta Nouyòk (63.8) oblije tout founisè diskite ak patnè pasyan ki sewopozitif osijè sèks ak pataj zegwi. Antan pasyan, ou pa oblije bay founisè a non patnè ou yo ni ou pa bezwen di pèsòn si w sewopozitif. Sepandan, si founisè w konnen non patnè w, li pral rapòte l bay Depatman Sante ak Ijyèn mantal Vil Nouyòk. Founisè w ta dwe diskite opsyon pou fè konnen patnè ki fè sèks oswa ki pataje zegwi youn ak lòt yo te ekspozè ak viris VIH lan. Ou kapab deside ak founisè w pou deside pi bon fason an pou notifiye patnè w (yo).




**Zouti yo**

# Lis medikaman

Non medikaman	Kisa medikaman sa a trete ?	Konbyen fwa pa jou ?	Konbyen grenn chak fwa ?	Avèk / San manje ? (antour)	Lòt enstriksyon	Efè segondè	Bagay pou posib
		— x		 			
		— x		 			
		— x		 			
		— x		 			
		— x		 			
		— x		 			
		— x		 			



# Kijan pou li etikèt yon boutèy medikaman







## Ranpli yon bwat grenn medikaman

- Kenbe tout medikaman yo nan yon sèl kote.
- Gade lis medikaman ou an pou w ka asire ou gen tout medikaman ou yo.
- Kòmanse ranpli bwat medikaman ou lan ak premye medikaman ki nan tablo chak jou an (paj 20) e kontinye nan lòd.
- Fè atansyon pou koulè, dimansyon ak fòm chak grenn.
- Tcheke si tout grenn yo plase kòrèkteman.
- Kenbe bwat grenn medikaman yo nan yon kote ki fasil pou jwenn.

# Enfòmasyon konsènan famasi a

Famasi	
Non Famasi a	 Telefòn Famasi a
 Adrès	
 Kontak	
 Biwo Doktè a (pou renouvèlman yo)	
Alèji	
Nòt	

Asirans
Non Plan a
Dat kòmansman
 Adrès
 Telefòn
Nòt

Asirans
Tip
Dat kòmansman
 Adrès
 Telefòn
Nòt

**Dat**

# Renouvèlman medikaman yo

## Kijan ou resevwa medikaman ou yo ?

Boutèy medikaman

Blister packs

Bwat grenn medikaman  
ki ranpli davans

## Kijan pou renouvle medikaman ou yo



Rele pou renouvle preskripsyon an (refill). Pare pou di famasi a non ou, dat nesans ou ak enfòmasyon konsènan Asirans ou. Kenbe zouti enfòmasyon w lan toupre w (paj 17).



Fè aranjman pou yo livre oswa transpòte medikaman yo nan famasi a.



Pase pran medikaman ou yo. Poze famasyen an kesyon, si w bezwen plis enfòmasyon.



Tcheke medikaman ou yo. Èske yo sanble yo diferan pase sa yo konn sanble nòmalman ?



Ranpli bwat grenn medikaman ou lan.

# Renouvèlman preskripsyon : Obstak ak Solisyon

Obstak	Solisyon
<p>Pa gen okenn renouvèlman ki rete</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rele doktè oswa klinik ou an.</li> <li>• Mande li si li kapab renouvle preskripsyon an.</li> <li>• Eseye rele pou yon nouvo preskripsyon omwens 2 semenn anvan li fini.</li> </ul>
<p>Asirans ou chanje e li pa peye pou medikaman an ankò</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kontakte doktè w lan.</li> <li>• Mande li pou li voye yon fòm Otorizasyon alavans (Prior Authorization) bay konpayi asirans lan.</li> <li>• Depi yo otorize medikaman ou an, pase kòmman pou renouvèlman.</li> <li>• Si konpayi asirans lan refize li, w ap petèt dwe chanje medikaman.</li> </ul>
<p>Plan asirans ou pa valab ankò</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Si w elijib pou Pwogram Asistans pou Medikaman SIDA (AIDS Drug Assistance Program—ADAP), rele nan 800-542-2437. ADAP anjeneral kapab apwouve jiska 30 jou medikaman si w te deja itilize pwogram lan anvan e ou pa kapab peye.</li> <li>• ADAP gendwa voye kowòdonatè swen ou an fòm renouvèlman pou w kapab sonje pou renouvle.</li> <li>• Si w pa t janm sèvi ak ADAP, ou gendwa pran yon aplikasyon nan nyhealth.gov. Fakse l nan 518-459-2749, oswa voye l pa lapòs bay ADAP, Empire Station, PO Box 2052, Albany, NY 12220. Si w gen kesyon, rele nan 800-542-2437.</li> <li>• Si w gen yon relasyon ak yon klinik, yon administratè dosye e/oswa yon asistan sosyal, ADAP kapab voye yo fòm renouvèlman yo tou.</li> <li>• Si w vle aplike pou Medicaid, ranpli Aplikasyon Medicaid la e swa se pou w fè yon randevou ak depatman lokal sèvis sosyal ou an oswa ranpli aplikasyon an nan sit pou enskripsyon ki fasilite. Pou w kapab jwenn yon anplasan toupre w, rele nan 718-557-1399 oswa 877-472-8411.</li> <li>• Si medikaman ou an ap fini nan mwens ke 1 semenn, ale nan biwo benefis lopital ou an oswa nan lopital ki afilye ak klinik ou an pou wè si w kapab jwenn medikaman gratis pou kèk jou.</li> <li>• Si sa pa mache, rele doktè w an. Li gendwa kapab ede w jwenn medikaman an.</li> </ul>

## Renouvèlman preskripsyon yo : Obstak ak Solisyon yo (kontinyasyon)

Obstak	Solisyon
Famasi an pa gen medikaman ou ankò.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mande famasi a pou li kòmande l. Sonje pou pran renouvèlman yo anvan pa rete ankò.</li> </ul>
Ou pa kapab vin chèche renouvèlman yo.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kontakte famasi a e mande yo si yo kapab livre oswa voye medikaman an pa lapòs.</li> <li>Chèche konnen si yon zanmi oswa yon manm nan fanmi w kapab vin chèche li anvan pou pa rete w ankò.</li> </ul>
Ou pa kapab peye dediktif (co-pay) lan.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ou gendwa elijib pou pwogram Asistans pou Medikaman SIDA (AIDS Drug Assistance Program ADAP) Nouyòk.</li> <li>Si w gen asirans, ADAP Plus Insurance Continuation Program (APIC) kapab ede w peye prim yo. Si w bezwen plis enfòmasyon, rele nan 800-542-2437.</li> </ul>
Famasi w bay ou move medikaman an.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Mennen li tounen touswit e pale ak famasyon an.</li> </ul>
Moun ak kilès ou alèz pale nan famasi a p ap la pandan 1 semenn.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kontakte Navigatè Pasyon ou an.</li> </ul>

# Tablo woutin toulejou

## Kesyon pou poze

### Dòm

- A kilè ou konn leve chak jou ?
- A kilè ou monte kabann ou ?
- Èske ou konn manje yon ti tan anvan li lè pou w al dòmi ?
- Èske gen bagay woutin ou fè chak fwa apre w leve ?
- Èske gen bagay woutin ou fè anvan pou w al dòmi ?

### Manje

- Akilè ou konn manje ?
- Ak kimoun ou manje ? Èske ou ta alèz pran grenn yo devan yo ?
- Ki kote ou manje ? Èske ou ta ka pote grenn medikaman yo avèk ou ?
- Sa w panse konsènan lè repa yo ?
- Èske gen fason pou vale grenn yo lestomak ou plen san li pa entèfere ak plezi pou manje ak plezi pou gen moun toutotou w ?

### Deplasman ale tounen

- Akilè ou konn kite lakay ou ?
- Akilè èske ou tounen lakay ou anjeneral ?
- Ki lòt bagay ou konn fè apeprè nan menm lè chak jou (tankou gade televizyon, timoun yo k ap soti pou ale lekòl, elatriye) ?

### Wikenn yo

- Repete menm kesyon ki anlè yo pou wikenn oswa lòt jou ki pa nòmal yo.

### Bagay ki nesesè pou sa mache

- Si w bezwen lestomak ou plen yon lè apre oswa anvan lè nòmal pou repa yo, eseye yon snak ki gra tankou biskuit ak manba.

### Rapèl

- Kisa w kapab fè pou w sonje li lè pou w pran grenn yo ?
- Kisa ki gendwa chanje anlwa di tan ou lan?

	Wikenn	AM	Wikenn
Non medikaman an / Kantite grenn		6:00	
		7:00	
		8:00	
		9:00	
		10:00	
		11:00	

	Wikenn	PM	Wikenn
Non medikaman an / Kantite grenn		12:00	
		1:00	
		2:00	
		3:00	
		4:00	
		5:00	
		6:00	
		7:00	
		8:00	
		9:00	
		10:00	
	11:00		


# Tablo pou grenn yo

Non medikaman an	Enstriksyon yo	Akilè ou pran yo
		AM PM
		AM PM
		AM PM
		AM PM
		AM PM



# 24è nan Lavi yon grenn

## KÒRÈK



## ENKÒRÈK



## Jere Efè segondè yo

Moun ki enfekte ak VIH gendwa devlope anpil divès sentòm ansanm ak efè segondè poutèt medikaman an. Li enpòtan pou w diskite ak doktè w sou kèlkeswa sentòm ou genyen an.

### Rele doktè w touswit (oswa 911 si w pa kapab jwenn doktè w) si w gen :

- yon lagratèl oswa irtikè
- zye w oswa lang ou gonfle
- difikilte pou respire oswa pou vale

### Rele doktè w lan anvan 24è si w gen :

- lafyèv
- konfizyon
- doulè lestomak
- tèt ou ap vire
- ou fèb anpil
- gwo maltèt
- kè plen oswa vomisman
- jonis (zye ak po w ap vin jonn)
- dyare ikonpri pipi fonsè, tèt ou ap vire, kranp nan misk
- san nan pou pou w

### Pale ak doktè w nan kèk jou si w gen :

- doulè miskilè
- yon ti feblès
- yon ti maltèt
- ou pa gen apeti
- ou gwosi oswa ou pèdi pwa
- ou enève oswa ou santi w gen enkyetid
- pye w ap boule oswa ap chatouye w
- rèv ki etranj oswa difikilte pou dòmi
- kèlkeswa lòt sentòm k ap deranje w

# Tablo pou efè segondè yo

Efè segondè	Medikaman	Jesyon Sentòm yo	Nòt enpòtan
<b>Dyare</b>	Se inibitè pwoteyaz (PIs) ki lakòz anjeneral, espesyalman: Viracept (nelfinavir) Agenerase (amprenavir), Kaletra (Aluvia, lopinavir/ritonavir), Isentress (raltegravir), Aptivus (tipranavir), Prezista (darunavir) ak Norvir (ritonavir)	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bwè anpil dlo ak lòt likid ki klè.</li> <li>• Eseye yon rejim BRAT (bannann, diri, pòm ak tost)</li> <li>• Sèten lòt manje ki ta bon pou w manje se pen blan, diri blan, noodles, cottage cheese, yogurt, ze ak manje ki gen anpil potasyòm tankou bannann, zoranj, rezen, fwi seche ak pòm detè kuit.</li> </ul>	<p>Doktè w gendwa preskri yon bagay tankou Imodium pou ede redui dyare a.</p> <p>Kontakte doktè w si gen san nan dyare a oswa si li kontinye pandan pliske 1 jou, si w gen doulè nan lestomak oswa si ou kòmanse vin dezidrate.</p>
<b>Kèplen</b>	Sa ki lakòz li souvan se Norvir (ritonavir), Invirase (saquinavir), Agenerase (amprenavir), Kaletra, norvir, Isentress (raltegravir), Intelence (etravirine) Prezista (darunavir), konbinezon medikaman ki gen ladann medikaman tenofovir ladann (tankou Atripla, Complera, Truvada, ak Viread) ansanm ak inibitè transkriptaz envès (NRTIs)	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Manje yon bagay, menmsi li pa anpil.</li> <li>• Pa manje anpil leswa</li> <li>• Pa kouche omwens 30 minit apre w fin manje.</li> <li>• Yon ti goute anvan pou w monte kabann ou oswa touswit lè w leve gendwa redui kèplen an lematen.</li> <li>• Bwè anpil dlo.</li> <li>• Bwè te zèb tankou mant, mant pwavre, kamomiy oswa jenjanm.</li> <li>• Al fè yon ti pwomnad deyò a.</li> </ul>	<p>Doktè gendwa kapab preskri w medikaman tankou compazine.</p> <p>Se pou w kontakte doktè w san pèdi tan si w vomi touswit apre w fin pran medikaman ou yo oswa si w vomi plizyè fwa pandan 24è.</p>
<b>Lagratèl</b>	Lakòz li souvan se Bactrim (sulfamethoxazole/ trimethoprim), Ziagen (abacavir) (siy yon reyaksyon ki gendwa tiye pasyan an), Sustiva (Stocrin, efavirenz), nevirapine, Viramune ak Viramune XR (nevirapine), Agenerase (amprenavir), Aptivus (tipranavir), Selzentry (Celsentri, maraviroc) ansanm ak lòt NRTI yo (prèske tout medikaman gendwa koze lagratèl)	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pran yon douch fre.</li> <li>• Sèvi ak yon krèm idratan ipoalèjenik.</li> <li>• Evite solèy la, douch dlo cho, losyon ak pafen ki gen sant.</li> <li>• Pa grate kote ki gen lagratèl la ; l ap grate w pi rès toujou e sa ka domaje po w.</li> </ul>	<p>Rele doktè w pou w kapab chèche konnen lakòz lagratèl la ; ou gendwa bezwen ale nan klinik la, poutèt li souvan difisil pou swen yon lagratèl nan telefòn.</p>
<b>Fatig</b>	Lakòz li souvan se Sustiva (Stocrin, efavirenz), Epivir (lamivudine), medikaman konbinezon ki gen AZT ladann (tankou Combivir, Retrovir, e Trizivir), Combivir, Trizivir	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Repoze w byen. Relaks oswa fè yon kabicha nan apremidi.</li> <li>• Manje manje ki ekilibre e multi-vitamin chak jou. Fè egzèsis ; sa gendwa ba w plis enèji.</li> </ul>	

Efè segondè	Medikaman	Jesyon Sentòm	Nòt enpòtan
<b>Maltèt</b>	Lakòz la se souvan medikaman konbinezon ki gen AZT ladann (tankou Combivir, Retrovir, ak Trizivir), Zerit (stavudine, D4T) ak Sustiva (Stocrin, efavirenz)	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Eseye fè yoga, meditasyon oswa akiponkti.</li> <li>• Fè yon pòz e bay tèt ou tan pou repoze w.</li> <li>• Dezidratasyon gendwa pwovoke maltèt tou, kidonk pa bliye bwè anpil likid.</li> <li>• Eseye evite limyè ki trè klere, pa gade televizyon e evite brui ki fò.</li> </ul>	<p>Doktè w ap kapab rekòmande w medikaman san oswa avèk preskripsyon.</p> <p>Si doulè w an fò oswa si li dire plis pase 1 jou, kontakte doktè w touswit.</p>
<b>Difikilte pou dòmi, Rèv ki etranj, somnolans (ou pa kapab retire dòmi nan zye w)</b>	Lakòz la souvan se Sustiva (Stocrin, efavirenz)	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Sèten moun panse li pi fasil pou jere efè segondè Sustiva si w pran li touswit anvan pou w monte kabann ou.</li> <li>• Manje omwen 2 èdtan anvan pou w monte kabann ou.</li> <li>• Evite goute ki ranplisan oswa ki gen anpil grès lè pou w pran dòz</li> <li>• Sustiva ou an.</li> <li>• Fè egzèsis oswa pran yon douch oswa yon ben cho touswit anvan pou w monte kabann ou, oswa itilize pwodui ki santi lavann.</li> </ul>	
<b>Pèdi pwa</b>	Anpil divès faktè ta kapab lakòz la	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Entegre nitritisyon ak egzèsis nan estrateji tretman total pou VIH la.</li> <li>• Lè li nesèsè, pran yon vitamin oswa lòt sipleman.</li> </ul>	Pale ak doktè w, si w pèdi pwa. Li kapab ede w siveye pwa w e bay sijesyon konsènan resous ak yon pwogram san danje pou w kenbe menm pwa a.
<b>Depresyon</b>	Anpil divès faktè ta kapab lakòz la	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Idantifye resous ak sistèm sipò yo.</li> <li>• Pale ak Navigatè Pasyan w lan.</li> </ul>	Si w panse medikaman ou yo lakòz depresyon an, rele doktè w touswit.

# Plan daksyon pou jesyon sentòm yo

Efè segondè	Enpak sou Adezyon	Aksyon w ap pran koulye an	Kisa ou ka eseye koulye an	Kilè pou di PN oswa doktè ou an


\*Al gade tablo efè segondè yo pou wè sijesyon.

# Kijan VIH pwopaje ?


Yon moun gendwa pran VIH nan men yon lòt moun ki enfekte ak viris la. San, lèt tete, likid nan vajen fanm, espèm gason ak nan likid ki anvan ejakilasyon an kapab gen VIH ladann.

Li pa posib pou senpman gade yon moun e pou konnen si li gen viris la. Se yon sèl fason pou konnen vreman si w enfekte se si w fè yon tès san.


## Men jan VIH pwopaje :




Yon moun ki sewopozitif e ansent kapab bay pitit li viris la




Yon moun ki sewopozitif e k ap bay tete gendwa bay pitit li viris la




Transizyon san



Pataj zegwi ak yon moun ki enfekte ak VIH




Sèks anal, oral oswa vajinal san pwoteksyon ak yon moun ki enfekte ak VIH




Ògàn transplante apatide donè ki enfekte

# Ou pa kapab enfekte ak VIH si w :




Bo, manyen  
oswa bay akolad



Benyen nan yon basen  
oswa yon pisin piblik



Pataje yon telefòn




Sèvi ak yon watè  
piblik oswa prive



Yon mòde ensèkt



Touse oswa estènye




Manje manje yon  
moun ki enfekte ak  
VIH prepare




Bay lanmen



Travay oswa ale  
Lekòl ak yon moun  
ki enfekte ak VIH




Sèvi ak menm bwòsadan



Bwè nan yon fontèn piblik

# Andwa kote kapab genyen enfeksyon

Kijan VIH afekte kò mwèn?





**Nòt**




# Kantite CD<sub>4</sub> ak Chaj viral ou an

Objektif pou kantite CD4 mwen an : \_\_\_\_\_ Objektif pou chaj viral mwen an \_\_\_\_\_

<b>Dat Lab</b>	 <b>Kantite CD<sub>4</sub></b>	<b>Tandans CD<sub>4</sub> yo</b>	 <b>Chaj viral</b>	<b>Tandans chaj viral la</b>

# Jounal nivo CD<sub>4</sub> ak chaj viral mwen an

(Al gade grafik CD<sub>4</sub> ak chaj viral mwen nan paj 33)

Nòt ki gen pou wè ak rezilta CD4 ak chaj viral mwen yo

1

2

3

4

5

6

7

8

9


10

11


12

13

## Grafik kantite CD<sub>4</sub>









## Grafik chaj viral la



# Rezo sipò mwen an

Fanmi   Zanmi   Founisè medikal   Sèvis sosyal   Sèvis kominotè



	_____
	_____
	_____
	_____
	_____

# Rezo sipò mwen an

## Moun mwen di mwen enfekte ak VIH

Non	Rezon poutèt mwen te di yo	Rezilta

## Moun mwen ta renmen di mwen enfekte ak VIH

Non	Avantaj yo	Enkonvenyan yo



# Pale ak lòt moun



Kijan mwen pale de maladi mwen an



Kijan moun nan kominote mwen ap pale de maladi sa a

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

✂ KOUPE LA A

PUVÈ LA A

Kijan pou m pale de maladi mwen ak yon moun mwen renmen

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_





<b>Kowòdone pou kontakte moun</b>			
Non	Ki relasyon li avèk ou	Nimewo telefòn	Anplasmann
Founisè Swen jeneral			
Lòt founisè swen			
Sèvis kominotè			
Lòt sipò			

<b>Konesans pèsonèl</b>			
Non	Ki relasyon li avèk ou	Nimewo telefòn	Anplasmann

<b>Kontak ijans</b>	
Non	Nimewo telefòn



## Kat pou mete nan pòtfèy ou

KONTAK KADJANS

Non \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn \_\_\_\_\_

Kowòdone pou kontakte moun

Non _____	Ki relasyon _____	
Telefòn _____	li avèk ou _____	
Adrès _____		
Non _____	Ki relasyon li _____	
Telefòn _____	avèk ou _____	
Adrès _____		
Non _____	Ki relasyon li _____	
Telefòn _____	avèk ou _____	
Adrès _____		

← PLIYE

PLAN FAMASI

Famasi \_\_\_\_\_ Telefòn Famasi \_\_\_\_\_

Adrès Famasi \_\_\_\_\_

Kontak Famasi \_\_\_\_\_

Klinik Doktè (pou renouvèlman yo) \_\_\_\_\_




Aleji Medikaman \_\_\_\_\_

Plan asirans _____	
Dat kòmansman _____	
Adrès _____	
Nimewo telefòn _____	
Plan asirans _____	
Dat kòmansman _____	
Adrès _____	
Nimewo telefòn _____	
Plan asirans _____	
Dat kòmansman _____	
Adrès _____	
Nimewo telefòn _____	

← PLIYE



# Pwoblèm ak Adezyon



Pwoblèm	Plan	Ki kalite sipò ou bezwen	Non sipòtè yo

Avantaj ak difikilite pou adezyon

# Avantaj ak Difikilte pou Adezyon

Avantaj pou suiv tretman an (adezyon)	Difikilte pou suiv tretman
1.	1.
2.	2.
3.	3.
4.	4.
5.	5.

# Siveyans randevou pou rete ansante

## Randevou medikal

### Vizit klinik VIH chak 3 mwa

Dènye RV: Pwochen Randevou:

Dènye RV: Pwochen Randevou:

Dènye RV: Pwochen Randevou:

Dènye RV: Pwochen Randevou:

### Tès san chak 3 mwa

Dènye RV: Pwochen Randevou:

Dènye RV: Pwochen Randevou:

Dènye RV: Pwochen Randevou:

Dènye RV: Pwochen Randevou:

### Pap Smear anyèl

Dènye RV: Pwochen Randevou:

### Tès anyèl PPD (pou Tibèkilòz)

Dènye RV: Pwochen Randevou:

### Tès epatit anyèl

Dènye RV: Pwochen Randevou:

### OSWA Vaksen Epatit B

First Shot:

Second Shot:

Third Shot:

### Tès epatit C anyèl

Dènye RV: Pwochen Randevou:

### Vizit anyèl kay dantis

Dènye RV: Pwochen Randevou:

### Vizit anyèl kay Oftalmològ (zye)

Dènye RV: Pwochen Randevou:

← PLIYE

← PLIYE





# Pare pou randevou w lan

## Anvan vizit la

Kat ID Pasyan :

Doktè/Founisè :

Dat :

Lè :

Ki kote :

## Kijan m ap rive nan klinik la ?

Access-A-Ride

Taksi/Sèvis transpò

M ap kondui mwenmenm

Sòbwe

Fanmi/Zanmi

Lòt

Èske nès PN ap akonpaye w ?

Wi

Non

Èske w ap bezwen yon moun pou tradui pou w ?

Wi

Non

## Kesyon ak Repons yo

**K**

**R**

**K**

**R**

**K**

**R**



# Aprè vizit la

## Anvan ou kite randevou an

Ou bezwen renouvèlman medikaman mwa sa a ?

Pwochen randevou w se avèk :

Dat :

Akilè : AM PM

Anplasan :

Kisa mwen te diskite ak founisè a pandan randevou sa a ?

---

---

---

---

---

---

---

---

Èske te gen chanjman nan medikaman mwen yo ? Wi Non

Si repons la se Wi, ki chanjman ki te genyen ?

---

---

---

---

---

---

---

---

Èske mwen gen tès pou mwen fè oswa gen tès yo kòmande ? Wi Non

Si repons la se Wi, ki tès sa te ye ?

---

---

---

---

---


---

---

---



# Kò ki ređui domaj



**Nòt**

---

---

---

---

---

---

---


---

## Men pouki sa ?



**Prekosyon pandan sèks**  
enpòtan ni pou moun  
ki enfekte ak VIH **NI**  
pou Patnè yo

# Evalyasyon risk la



# Tablo sibstans yo

Non dwòg la (ak jan yo konn rele li nan lari a)	Kijan li antre nan kò a	Konsekans potansyèl sou lasante	Enteraksyon ant dwòg ak Antiretwoviral yo/ Lòt medikaman ak preskripsyon
<b>Marijuana oswa THC</b> (Blunt, dope, grass, herb, joint, pot, Mary Jane, skunk, weed, "tobacco," ganja, tree, T)	Moun vale l, fimen oswa manje l	Efori, moun lan reflechi e reyaji pi lantman, alisinasyon, fo kwayans, paranoya, sansasyon tan ki pase ki enpakte, konfizyon, pwoblèm ak ekilib e kowòdinasyon, tous, memwa ak aprantisaj ki enpakte, batman kè pi rapid, anksyete, kriz panik, enpotans, enfètilite  Benefis pou lasante: plis apeti, rediksyon kèplen ak doulè	<b>Entèraksyon ak :</b> Inibitè pwoteyaz (PIs), Sustiva (stocrin, efavirenz) ak Atripla (efavirenz + tenofovir + emtricitabine) —pa gen entèraksyon ak medikaman vreman, men gendwa pwovoke yon fo rezilta pozitif pou marijuana  <b>Rezilta potansyèl :</b> PI gendwa ogmante nivo marijuana; sigarèt marijuana gendwa bese nivo PI yo. Li gendwa nesèsè pou gen nivo marijuana ki pi ba pou objektif medikal si y ap sèvi ak PI
<b>Benzodiazepines</b> (Ativan, Halcion, Librium, Valium, Xanax, candy, downers, sleeping pills, "pastillas," beans, the mix, klanopins yo rele K, sanipex yo rele zenys)	Moun vale l, oswa enjekte l	Sedasyon, dòmi nan zye, mwens respirasyon, lanmò	<b>Entèraksyon ak :</b> Kaletra (Aluvia, lopinavir/ritonavir), Norvir (ritonavir) ak lòt Inibitè pwoteyaz (PI), divès lòt terapi antiretwoviral (ART), alkòl ak lòt sedatif  <b>Rezilta potansyèl :</b> Anpil PI gendwa ogmante konsantrasyon benzodiazepine ki nan kò a, sa ki fè yo pi danjre.
<b>PCP ak analòg</b> (Phencyclidine, angel dust, dust, crank, pick-me-up, space, boat, hog, love boat, peace pill)	Moun vale l, enjekte l, fimen l	Batman kè pi rapid ak tansyon, fonksyon motris ki redui, pèt memwa angoudisman, kèplen/vomisman, panik, agresyon, vyolans, pèt apeti, depresyon, konvilsyon, enpak konyitif kwonik	<b>Entèraksyon ak :</b> Inibitè pwoteyaz (PI)  <b>Rezilta potansyèl :</b> PI yo bloke degradasyon PCP, kidonk PCP gendwa plis toksik si yon pasyan ap pran PI tou.
<b>LSD</b> (Acid, acido, blotter, boomers, cubes, microdot, yellow sunshine, purple haze, "Lucy-in-the-sky-with-diamonds," best trip, trippn)	Moun vale l, absòbe nan bouch oswa nan tisi yo	Pèsepsyon ak santiman ki afekte, kèplen, twoub pèsepsyon ki pèsistan (flashbacks)	<b>Entèraksyon ak :</b> Inibitè Pwoteyaz (PI) ak inibitè nonnikleosid transkriptaz envès (NNRTIs)  <b>Rezilta potansyèl :</b> PI ak NNRTI Gendwa pwovoke yon konsantrasyon LSD nan kò a, ki gendwa pwovoke efè toksik.
<b>Ecstasy</b> (E, Molly, happy, X)	Moun vale l	Efori, konfizyon, pwoblèm pou dòmi, anksyete, vizyon twoub, domaj nan sèvo, depresyon, paranoya, kèplen, frison, transpirasyon, domaj nan fwa, konvilzyon, domaj nan ren	<b>Entèraksyon ak :</b> Inibitè pwoteyaz, espesyalman Kaletra (Aluvia, lopinavir/ritonavir) ak Norvir (ritonavir) Selective serotonin reuptake inhibitors (SSRIs)  <b>Rezilta potansyèl :</b> Lè yo pran sèten medikaman ART ak Ecstasy, sa gendwa bay efè segondè ki mòtèl, tankou yon atak chalè, dezidratasyon ak pèt konsyans.




# Tablo sibstans



Non dwòg la (ak jan yo rele l nan lari a)	Kijan li antre nan kò a	Potential Health Consequences	Entèyaksyon ki ka genyen ant dwòg yo ak Antiretroviral yo
<p><b>Opiate</b>  <b>Hewoyin</b> (Brown sugar, dope skunk, smack, junk, dogfood, manteca, manterian, estofa, tecata, chiva, caballo blanco)  <b>Codeine</b> (Tylenol with Codeine; Captain Cody, Cody, packs, CD, the big bean)  <b>Morphine</b> (pins and needles)  <b>OxyContin</b> (oxies)  <b>Vicodin</b> (V beans)  <b>Percocet</b> (perks, pick me up)  <b>Demerol</b> (DI)  <b>Fentanyl</b></p>	Moun enjekte, fimen l, aspire l	Rediksyon doulè, efori, dòmi nan zye w, kèplen, konstipasyon, konfizyon, sedasyon, Depresyon ak arè respiratwa, lanmò	<p><b>Entèyaksyon ak :</b>  Ritonavir  Inibitè yo</p> <p><b>Rezilta potansyèl :</b>  Ewoyin gendwa fè yon moun ki enfekte ak VIH vin pi malad toujou. Ritonavir redui efikasite codeine.</p>
<p><b>Kokayin</b>  (Blow, bump, C, candy, Charlie, coke, crack, flake, rock, snow, toot, perico, basico, snow, fish scale, pasta, esqueleto)</p>	Moun enjekte l, fimen l, oswa enspire l nan nen	<p>Takikadi rapid ak tansyon, eta mantal ki pi alèt, batman rapid oswa iregilye, mwens apeti, pèt de pwa, arè kadyak, nèvozite, ensomni</p> <p>Epitou: Si w enspire dwòg la nan nen pandan anpil tan sa gendwa domaje manbran ki andedan nen an.</p> <p>Moun ki fimen hot crack pipes gendwa gen kwout/brili sou bouch yo, sa ki ogmante risk enfeksyon, espesyalman pandan sèks oral.</p> <p>Si w sèvi ak vinèg, sitwon oswa lòt asid "òganik" pou crack la enjektab, ou kapab gen enfeksyon grav. Sèvi ak asid askòbik alapas.</p>	<p><b>Entèyaksyon ak :</b>  Inibitè pwoteyaz (PI) Inibitè nonnikleosid transkriptaz envès (NNRTI) espesyalman Viramune ak Viramune XR (nevirapine), [Sustiva (stocrin, efavirenz), ak Atripla (efavirenz + tenofovir + emtricitabine)]</p> <p><b>Rezilta potansyèl :</b> Yo konnen byen kokayin toksik pou sistèm iminitè e li gendwa redui selil CD4, e moun ki enfekte ak VIH ap vin pi malad toujou. PI ak efavirenz gendwa ogmante efè kokayin lan, kidonk yon dòz kokayin pi toksik toujou. Kokayin gendwa ogmante risk toksisite pou fwa a si moun lan sèvi ak serapine anmenmtan.</p>
<p><b>Metanfetamin</b>  (Crystal meth, crank, crystalspeed, Tina, tweek, ice, white snow, the diet, the thinning, the scar)  "Strawberry quick" (yon melanj ecstasy, kokayin ak metanfetamin)</p>	Swal-lowed, snorted, smoked, injected	Efori, plis enèji ak atansyon, dyare, kèplen, pèt apeti, ensomni, tranbleman, fasinasyon, konpilsif ak tach repetisyon, pale anpil, fache fasil, kriz panik, fè sèks pandan anpil tan, anvi fè sèks (alontèm, li konbine ak enpotans pou gason yo kifè yo pito rete "anba")	<p><b>Entèyaksyon ak :</b>  Kaletra (Aluvia, lopinavir/ritonavir)  Norvir (ritonavir)  Rescriptor (delavirdine)  Selective serotonin reuptake inhibitors (SSRIs)</p> <p><b>Rezilta potansyèl :</b> Metanfetamin gendwa ogmante nivo ritonavir nan kò a pou atenn nivo ki pi toksik.</p>
